



5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon Kont Diskriminasyon poutèt Laj nan New Jersey

- 1 Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD, ki vle di “Law Against Discrimination”)** defann anjenneral fè diskriminasyon ak pèsekite moun poutèt laj yo, kit se nan kote moun travay, kit se nan òganizasyon sendikal. Sa vle di yon patwon pa gen dwa refize bay yon moun travay oswa pwomosyon, ni revoke li, ni peye li mwens, epi yon sendika pa gen dwa refize oswa mete yon manm li deyò poutèt laj li, sòf nan kèk sikonstans limite (yon patwon gen dwa refize bay yon moun travay oswa pwomosyon si moun lan depase 70 an).
- 2 Menm si Lwa Federal sou Diskriminasyon nan Travay la (ADEA, ki vle di “Age Discrimination in Employment Act”)** kouvri sèlman moun ki depase 40 an, LAD defann fè diskriminasyon poutèt laj kont moun ki gen nenpòt ki laj. Kidonk, si yo refize yon moun ki gen 38 an yon travay pou yo bay yon moun ki fenk depase 20 an travay la paske patwon an vle prezante yon “figi jenn”, moun sa a mèl depoze yon reklamasyon pou diskriminasyon poutèt laj li dapre LAD. LAD defann tou pou yon patwon refize bay yon moun kalifye yon travay paske li kwè moun lan “twò jenn” pou fè travay la, sòf si moun lan gen mwens pase 18 an.
- 3 Yon patwon pa gen dwa refize bay yon moun pwomosyon paske li kwè moun lan san lè pou pran retrèt li**, ni li pa gen dwa afiche yon ànon ki di li pito “jenn” anplwaye. Epitou, si yon patwon konnen oubyen li dwe konnen yon moun ap sibi pèsekisyon poutèt laj li, nan yon jan ki lakòz yon anbyans ostil, patwon an dwe pran aksyon rezonnab pou fè pèsekisyon an sispann.
- 4 Yon lòt bagay tou, moun ki nan komès lojman pa gen dwa refize lwe oswa afèmen yon pwopriyete bay yon moun paske li gen pitit ki gen mwens pase 18 an.** Men sèlman, règ sa a gen yon eksepsyon pou lojman ki rezève pou moun anpil laj, tankou lojman ki rezève pou moun ki gen omwen 55 an.
- 5 Lalwa defann vanjans kont yon moun paske moun lan sèvi oswa eseye sèvi avèk dwa sa yo dapre LAD.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

 **DIVISION ON
NJ CIVIL RIGHTS**
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



03/05/21